Semans Diskòd La

Mwen chwazi aswè a yon tèks kout, oswa yon lekti kout, si Seyè a vle, pou ban nou kontèks la, nan Sen Matye 13:24 a 30. Epi tou mwen—mwen vle li apati 36 a 40, jis nan yon moman. Bon Sen Matye, chapit 13 la, e kòmanse ak vèsè 24 la nan chapit 13 la nan Sen Matye. Tande byen lekti Pawòl la. Pawòl pa m yo ap fayi, men pa pa L yo.

> Li *ba yo yon lòt parabòl, li di:* Wayòm *syèl la* sanble ak *yon nonm ki simen bon* semans *nan jaden li*:
>
> *Men pandan* li *t ap dòmi, lènmi li vini* epi *li simen move zèb nan mitan* ble a, epi l al fè wout li.
>
> Men *lè* pye ble *yo fin pouse,* epi *yo* fè *zepi, lè sa a move zèb* yo *parèt tou.*
>
> Alò sèvitè *mèt* kay la vini epi yo *di li: Mèt,* èske ou pa t simen *bon* semans *nan jaden* w *lan? Kote move zèb sa yo soti* alò?
>
> Epi *li* di *yo: Se yon lènmi ki fè sa.* Epi sèvitè yo di *li:* Èske w *vle* alò *n al*. . . rasanble *yo?*
>
> Men *li di: Non*; poutèt pandan *n ap* rasanble *move zèb yo,* pou *nou* pa *tou derasinen* ble *a avèk yo.*
>
> *Kite* toulede *grandi ansanm jouk lè rekòt la*: e nan tan *rekòt la* mwen va voye mwasonnè yo, Rasanble *move zèb yo anvan*, epi *mare yo fè pakèt pou boule* yo: men rasanble ble *a nan* grenye a.

2 Èske nou remake: "Rasanble move zèb yo anvan, epi mare yo fè pakèt"? Kounye a, antan m ap li sa, te gen yon bagay etranj ki vin nan lespri m pandan m te chita anlè tèt Montay Katalina yo lòt jou swa a, nan lapriyè. Epi mwen te panse: "Ki kote mwen te ka jwenn yon mo ke m te ka itilize pou sa ke mwen te vle pale aswè a?"

3 E mwen te desann e mwen te jwenn mo *diskòd* la, alò mwen te pran diksyonè a epi mwen te gade ki sa mo *diskòd* la vle di. E li vle di se "simen yon diskòd," oswa—oswa, "ki kontrè," kòm Webster di: "simen diskòd, yon bagay diferan," oswa, "ki kontrè a sa ki te deja la." Alò mwen te panse, tèks aswè a, mwen ta rele l: *Semans Diskòd La*. E mwen gen konfyans ke Seyè a ap beni Pawòl Li kounye a kòm n ap apwoche Li.

4 E nou konnen tou Li te entèprete, nan vèsè 36 e—e a 43, ki jan ke semans sa a te vini a matirite. E pandan nou sou li a, an nou jis li sa tou, vèsè 36 kounye a jiska vèsè 43.

Epi lè *Jezi* te fin voye *foul* la ale, Li te *antre nan kay la*: epi *disip li yo* vin *bò kote l, yo di l:* Eksplike *nou paraból move zèb nan jaden an.*

Epi *Li reponn* e li di *yo:* Sila *ki simen bon* semans *lan* se Fis de lòm lan;

Epi *jaden an se* lemonn; *bon* semans *lan se* pitit wayòm lan; men *move zèb yo se* pitit mechan an;

Lènmi an *ki simen yo* a *se* dyab la; *rekòt la se* lafendimonn; e mwasonnè yo *se zanj yo.*

Menm jan yo te rasanble *move zèb yo* epi yo te boule *yo nan dife; se konsa* li va ye *lè* lafendimonn.

Fis de lòm lan *va voye zanj li yo,* epi yo va rasanble met deyò wayòm lan tout eskandal, ak sila yo k ap komèt inikite;

Epi li *va jete yo nan* yon dife, yon founèz dife: e va genyen kriye, oswa lamantasyon ak manje dan.

Alò jis *yo va* briye *tankou solèy* nan wayòm *Papa yo.* Sila ki *gen zòrèy*. . . ke li *tande.*

5 Sa se Jezi k ap bay entèpretasyon paraból la, Limenm, se poutèt sa nou konnen alò ki sa entèpretasyon an vle di. E kounye a kòm n ap abòde sa, sou simen semans lan ak—ak rekòt la, kounye a Li entèprete l. Epi mwen kwè ke Jezi t ap pwononse paraból sa a nan jou pa Li a, men sa te vle pale de lafendimonn, oswa, fen laj la, ki se jou *sa a.* E mwen kwè ti tèks sa a aswè a trè apwopriye pou lè a n ap viv la, paske Jezi te di klèman ke "rasanbleman an t ap fèt nan fen mond sa a," sa se lè lafen an t ap rive; rasanbleman ble a, epitou rasanbleman move zèb yo epi boule yo, epi pou pran ble a mete l nan Wayòm lan. E mwen kwè li te konsa.

6 E yon lòt Ekriti mennen m a kwè konsa, mwen ekri l isi a, se Matye 24:24, kote li di ke, k ap pale sou semans—semans diskòd la. Jezi di ke toulède va si tèlman pwòch ansanm jiskaske li ta sedwi vrè Eli a si l te posib. Prèske egzakteman menm bagay la.

7 Gen yon lòt plas nan Lekriti kote li ekri, ke lapli a tonbe sou jis la ak enjis la.

8 Mwen sonje premye eksperyans mwen lè m te fèk vini pami moun Pannkotis yo. Mwen te nan Mishawaka, Indiana. E mwen te nan yon gran konvansyon, yon sal apeprè tankou sa, kote Nò ak Sid te vin rasanble. Paske nan jou sa yo, akòz segregasyon, yo te dwe rankontre la. Yo te de gran asosyasyon nan frè Pannkotis yo. Mwen pat janm tande pale de yo oswa rankontre yo anvan. Premye fwa mwen te tande pale an lang. Epi nan fen ranje a, nan konvansyon an. . . Mwen ki pa yon manm pami yo, mwen te jis yon jèn minis Batis, mwen te chita jouk dèyè nèt. E mwen sonje premye fwa mwen te tande yon moun pale an lang, mwen pa t menm konnen ki sa—ki sa tout bagay sa te ye. E alò de mesye

sa yo, sitou, te chita devan, youn t ap pale an lang epi lòt la t ap entèprete sa mesye a te di. Ebyen, mwen te fèk kòmanse etidye Bib mwen osi di ke mwen te kapab, la lè sa a, e mwen te trouve ke se te kòrèk avèk Lekriti. Se egzakteman sa Lekriti, Sentespri a ta fè.

9 Ebyen, anviwon yon jou apre sa. . .Jou swa sa a kè m te tèlman vire lanvè. Mwen te dòmi nan yon chan mayi. Mwen pa t genyen ase lajan pou m te posede yon—yon—yon kabann, kifè mwen te jis gen ase lajan pou m al lakay mwen, epi mwen te achte kèk beye, ki te fèt depi kèk jou, oswa ti pen, se te, e pou dejene mwen. E mwen te byenvini pou m manje avèk yo, men mwen pa t gen lajan pou m mete ladann. Nan epòk sa yo, se te depresyon, 1933, kifè se te—se te ase difisil. E alò mwen te panse: "Ebyen, m ap. . .Mwen pa vle manje avèk yo, men mwen vle konnen sa yo te genyen an. Yo te gen yon bagay ke mwen pa t genyen."

10 Kidonk maten sa a mwen te. . .yo te mande m: "Tout minis vini sou estrad la epi idantifye tèt ou, kilès ou ye, kote w soti."

11 Ebyen, mwen—mwen jis di: "William Branham, evanjelis, Jeffersonville," mwen chita. Ebyen, nan tan sa a mwen te pi jèn predikatè sou estrad la. E nan demen yo te rele m sou estrad la pou pale. Epi lè m te fin pale, franchman, nou te gen yon gran tan, epi mwen kòmanse rankontre diferan moun ki te envite m nan legliz yo. Epi lèfini yo. . .

12 Apre sa, franchman, mwen panse: "Si sèlman mwen te ka jwenn kote de mesye prensipal sa yo ki te pale an lang epi ki te entèprete yo ye!" Sa t ap boule m nan kè mwen, m te vle sa tout bon. Ebyen, jan m te di nou an depi nan kòmansman, yon ti don ke n ap tire. Ou konnen, don yo ak apèl yo san repantans, ou genyen yo pou tout lavi, ou wè, ou fèt avèk yo, si se don Bondye yo ye. Kifè mwen toujou, depi m te yon ti bebe tou zwit, li te toujou rive m, moun ki konnen m tout lavi m, yo konnen ke se vre. Ebyen, si mwen te panse. . .Mwen pa t konnen ki sa l te ye lè sa a, e mwen rele l yon vizyon, mwen jis pa t konnen ki sa l te ye. Men mwen te panse: "Si jamè mwen te ka pale avèk yo!" Ebyen, e lespri ki te nan bilding lan te tonbe tankou se reyèlman Lespri Bondye.

13 Alò mwen—mwen te arive pale ak youn nan yo, epi mwen te poze li kèk kesyon, e li te yon Kretyen reyèl otantik. Pa t gen okenn dout sou sa, nonm sa a te yon kwayan reyèl. Epi lòt nonm lan, lè m te pale avè l, si m te janm rankontre yon ipokrit, se te youn nan yo. Nonm sa a te annefè. . .Madanm li te yon fanm ak cheve blon sou tèt li, e li te gen timoun avèk. . .de timoun avèk yon fanm ak cheve nwa sou tèt li. E mwen panse: "Ebyen, bon ki sa? Men li, mwen—mwen mele nèt. M se yon fondamantalis; li dwe Pawòl la, sinon li pa kòrèk. E men Lespri sa a, youn sonnen, selon tout sa mwen konnen, otantik; e lòt la pa t bon ditou; e

Lespri a tonbe sou toulède. Bon, kouman sa ka fèt?" M ta, li te entrige m.

14 Dezan apre, mwen t ap priye nan yon gwòt kote m te konn al priye. Te gen pousyè nan gwòt la, epi yon apremidi mwen te mache soti, mwen te depoze Bib mwen sou yon bwa, epi van an te soufle li fè Li louvri nan Ebre, chapit 6 la. Ki di, ke nan dènye jou yo, ki jan sa ta ye si nou te ale lwen Laverite epi renouvle tèt nou ankò nan repantans, pa t ap gen sakrifis ankò pou peche, epi ki jan ke pikan ak pengwen, ki te prè pou yo rejte, epi fen yo se pou yo boule; men lapli a vini sou latè, souvan, pou wouze li, pou abiye li; men pikan yo ak pengwen yo t ap rejte, men ble a t ap rasanble. Epi mwen panse: "Ebyen, se jis van an ki te arive soufle sa fè l louvri." Ebyen, mwen te jis depoze Bib mwen an ankò. Epi mwen panse: "Ebyen, bon m ap jis . . . " E men van an ki te vini epi li te soufle li fè Li louvri. Sa te rive twa fwa. E mwen panse: "Ebyen, bon, se etranj sa."

15 Epi kòm mwen te leve, e mwen te panse: "Seyè, poukisa Ou ta louvri Bib sa a pou mwen li sa, mwen . . . lè m te rive sou sa, kote 'pikan ak pengwen, ki prè pou yo rejte, fen yo se pou yo boule'?" Mwen panse: "Poukisa, Ou ta louvri sa pou mwen la?" E kòm mwen t ap gade lòt bò . . .

16 Bon, vizyon reyèl sa yo vini san mwen pa fè okenn efò pou sa. Se jis Bondye. Ou wè? Mwen te gade epi mwen te mwè yon tè ki t ap tounen devan m, e mwen te wè li te raboure nèt. Te gen yon nonm ki te abiye an blan, ki te ale ozalantou pou simen ble. Epi apre li disparèt nan koub tè a; yon nonm te vini ozalantou, li te gen lè terib, li te abiye an nwa, epi li t ap simen semans move zèb sou li toupatou. Toulède te pouse ansanm. E lè yo te fè l, toulède te swaf, paske yon lapli te nesesè. E li te sanble ke chak t ap priye, ak ti tèt li bese: "Seyè, voye lapli, voye lapli." E gwo nyaj yo te vini, epi lapli a te tonbe sou toulède. Lè sa te fèt, ti ble a te sote anlè epi li kòmanse di: "Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Seyè a!" E ti move zèb la te sote anlè jis a kote a menm, epi li di: "Lwanj pou Seyè a! Lwanj pou Seyè a!"

17 Epi vizyon an te entèprete: Lapli a tonbe sou jis la ak enjis la. Menm Lespri a ka tonbe nan yon reyinyon, epi tout moun gen lajwa nan li: ipokrit, Kretyen, ak tout moun ansanm. Egzakteman kòrèk. Men, ki sa li ye? Pa fwi yo n ap konnen yo. Ou wè? Se sèl fason nou ka janm konnen li.

18 Alò nou wè ke kounye a, depi ke avwàn sovaj yo, oswa ble sovaj ak yon grenn sovaj imite pafwa yon otantik, grenn domestik, si tèlman pwòch ke li ta sedwi vrè Eli a. Mwen panse ke n ap viv nan yon laj ki apwopriye, lè pou yo ta dwe preche sou bagay sa yo epi pale de yo.

19 Remake nan vèsè 41, toulède tou ap trè pwòch, tèlman pwòch nan dènye jou yo jouk Li pa t fè . . . Li pa t kapab depann sou kèk sèten legliz pou separe yo, sètadi, Metodis la oswa Batis la, oswa

Pannkotis yo, pou separe yo. Li di: "Li voye zanj Li yo pou separe yo." Yon zanj ap vini pou mennen separasyon an, segregasyon ant vrè a ak fo a. E okenn moun pa ka fè sa eksepte Zanj Seyè a. Li se Sila ki pral di ki sa ki vrè ak ki sa ki fo. Bondye te di ke L ap voye zanj Li yo nan dènye tan yo. Pa zanj yo depi lontan rive jouk *isit la,* men zanj yo nan dènye tan an, e yo va rasanble ansanm. Nou konnen ke sa se sezon rekòt la k ap vini kounye a. Kounye a, yon *anj* annefè siyifi yon "mesaje." E nou wè ke gen sèt zanj nan sèt legliz yo, e kounye a . . . non, atravè laj legliz yo.

20 Remake kilès Li di ke semè yo te ye, epitou ki sa semans lan te ye. Youn ladan yo, semè a se te Li, Pitit Bondye a, Ki te soti al simen Semans lan. Epi yon lènmi te vini aprè Li, se te dyab la, e li te simen semans diskòd la, apre vrè Semans lan te fin simen. Kounye a, zanmi, sa te rive nan tout laj depi nou te gen yon mond. Egzakteman. Sou tout wout la depi nan kòmansman an, se te toujou menm bagay la ki te rive.

21 Bon Li di: "Semans Bondye a, Pawòl Bondye a." Jezi te di, nan yon sèten plas, ke "Pawòl la se yon Semans." E tout semans va repwodi selon espès li. Epi kounyeya si Kretyen an, pitit Bondye yo, pitit Wayòm yo vini Semans Bondye a, alò yo dwe vin Pawòl Bondye a, Pawòl Bondye a manifeste nan laj ke y ap viv la, pou Semans ki te pwomèt pou laj sa a. Bondye te bay Pawòl Li nan kòmansman an, epi chak laj te gen Semans li, tan li a, pwomès li yo.

22 Bon, lè Noe te vin sou sèn nan, epi li te Semans Bondye a, Pawòl Bondye a pou laj sa a.

23 Lè Moyiz te vini, li pa t ka vini ak mesaj Noe a, sa pa t ap mache, paske li te Semans Bondye a nan tan sa a.

24 Alò lè Kris te vini, li pa t kapab vini ak laj Noe a oswa Moyiz la; se te tan pa Li, pou yon vyèj te vin ansent epi pou l te pote yon Pitit, e Li t ap Mesi a.

25 Kounye a, nou viv atravè laj Luther a, laj Wesley a (laj Metodis la), desann nèt atravè laj yo, ak laj Pannkotis la, e pou chak laj gen yon pwomès Pawòl la ki te bay. E moun nan laj sa a, ki manifeste Pawòl pwomès sa a, se Semans nan laj sa a, selon sa Jezi te di isit la menm: "Yo se pitit Wayòm lan." Se sa. Manifestasyon Sentespri a k ap opere nan pitit Li yo se Semans sa yo nan Wayòm lan nan laj sa a.

26 Remake, move zèb la se te sila, lènmi an, Satan, ki te simen dezakò, oswa—oswa semans diskòd la, li se sila ki te koupab nan fè bagay terib sa a. Satan te simen semans li depi nan kòmansman, lè Bondye te mete premye rekòt èt imen Li sou tè a. Adan, natirèlman, menm jan an te konnen ke te gen yon—yon konesans de laverite, ak byen ak mal, e li pa t ankò janm te rive sou sa.

27 Men nou jwenn, Bondye te bay pitit Li yo Pawòl Li pou Defans yo. Pa yo . . . Nou pa gen okenn lòt Defans ke Pawòl

Bondye a. Sa se Defans nou. Pa gen okenn bonm, pa gen okenn abri, pa gen kote pou kache, pa gen Arizona a oswa Kalifònya a, oswa kèlkeswa kote li ye; gen yon sèl Defans nou genyen, e ke se Pawòl la. E Pawòl la te fè L chè epi li te abite nan mitan nou, ki se Kris Jezi. Li se sèl Defans nou. Lè nou nan Li, nou an sekirite.

28 Peche pa menm sou kont yon kwayan otantik. Èske w te konnen sa? Sila ki fèt nan Bondye, pa fè peche, li pa ka fè peche. Ou wè? Sa pa menm konte. Franchman, David di: "Se pou nonm Bondye pa mete peche sou kont li a beni." Lè w nan Kris, ou pa gen dezi fè peche. "Adoratè a, yon fwa netwaye, pa gen okenn konsyans ankò de peche," ou pa gen dezi pou li. Kounye a, pou lemonn, ou ka yon pechè; men, pou Bondye, ou pa sa, paske ou nan Kris. Ki jan ou ka fè anndan yon pechè alòske ou anndan Sila ki san peche a, e Bondye sèlman wè Sila Ke ou anndan L lan?

29 Kounye a tan rekòt sa a. Nan kòmansman an, lè Bondye te simen Semans Li sou tè a e Li te bay Li nan kè pitit Li yo, fanmi Li, pou kenbe Pawòl sa a, se te sèl defans yo, kenbe Pawòl sa a! Men lènmi an ki te vini e li te kraze baryè sa a, antan li simen semans diskòd la, ki kontrè ak Pawòl Bondye a. Si sa se te diskòd nan kòmansman an, li sa ankò. Nenpòt bagay ki pral ajoute nenpòt ki sa sou Pawòl Bondye a, li se toujou semans diskòd! Mwen pa bay enpòtans ki kote li soti, si li soti nan òganizasyon, si li soti nan sous militè yo, si li soti nan pwisans politik yo, nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a, se semans diskòd li ye.

30 Lè yon nonm kanpe epi li di li se yon predikatè Levanjil, epi li di ke "jou mirak yo pase," sa se semans diskòd. Lè yon nonm kanpe epi li di ke li se yon minis, yon pastè legliz nan yon kote, epi li pa kwè ke Jezikri se menm lan nan tout detay (eksepte kò fizik la), menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, sa se semans diskòd. Lè li di ke "mirak ak laj apostolik la pase," sa se semans diskòd. Lè yo di: "Pa genyen yon tèl bagay tankou gerizon Divin," sa se semans diskòd. E lemonn plen ak sa. Li ankonbre epi li toufe ble a.

31 Nou remake ke premye semè semans diskòd la te pote mak "dyab la," epi nou konnen li te, nan Jenèz 1. Kounye a, nou wè, e isit la nan—nan Liv Matye, chapit 13 la, Jezi toujou make nenpòt diskòd ak Pawòl Li kòm "dyab la." E 1956 sa a, nenpòt bagay ki simen diskòd, kontrè ak Pawòl ekri Bondye a, oswa ki mete nenpòt entèpretasyon prive nan Li, se semans diskòd la. Bondye pa p onore li. Li pa kapab. Li pa p melanje. Li sètènman pa p fè sa. Se tankou yon grenn moutad; li p ap melanje ak okenn lòt bagay, ou pa ka ibride li, li dwe bagay otantik la. Semans diskòd!

32 Kounye a nou wè, lè Bondye te simen Semans Li nan jaden Edenn nan, nou jwenn ke li te bay yon Abèl. Men lè Satan te simen semans diskòd li, li te bay yon Kayen. Youn te bay yon moun ki jis; youn te bay yon moun ki enjis. Paske Èv te koute

pawòl diskòd la, kontrè ak Pawòl Bondye a, e sa te fè boul peche a kòmanse woule la menm, e li te woule depi lè sa. E nou pa p janm demele tout sa jouk zanj yo vini epi yo separe bagay la, epi Bondye pran pitit Li yo nan Wayòm lan, e move zèb yo va boule. Remake de pye rezen sa yo.

33 Si nou jis te gen plis tan sou sijè sa a, men jis pou touche pwen enpòtan yo, konsa nou ka ale drèt nan lapriyè pou malad yo nan kèk minit k ap vini yo.

34 Remake, semans yo te grandi ansanm jis egzakteman tankou Bondye te di isit la tou nan chapit 13 la, nan tèks nou aswè a, nan Matye: "Kite yo grandi ansanm." Kounye a, Kayen te ale nan peyi Nòd, li te jwenn yon madanm pou tèt li, epi li te marye; e yo te touye Abèl, epi Bondye te fè Sèt pou l te ka pran plas li. E jenerasyon yo te kòmanse vanse, ant byen ak mal. Kounye a, nou remake yo te rasanble, yo chak, tan apre tan, e Bondye te oblije . . . Li te vin tèlman mechan jouk Bondye te oblije detwi l.

35 Men yo te vin soti finalman jiskaske tou de semans sa yo, semans diskòd la ak Semans Bondye a, te mete vrè tèt yo deyò, e sa te rive nan Jida Iskaryòt epi nan Jezikri. Paske, Li te Semans Bondye a, Li te kòmansman kreyasyon Bondye a, Li pa t anyen an mwens ke Bondye. E Jida Iskaryòt te fèt pitit lapèdisyon, li te soti nan lanfè, li te retounen nan lanfè. Jezikri te Pitit Bondye a, Pawòl Bondye a manifeste. Jida Iskaryòt, nan diskòd li, te semans dyab la, li te vini nan mond lan, epi pou twonpe; jis tankou li te ye nan kòmansman an, Kayen, ansyen papa li.

36 Jida te sèlman ap fè jwèt legliz. Li pa t vrèman sensè. Li pa t gen lafwa an reyalite; li pa t ap janm trayi Jezi. Men, ou wè, li te simen semans diskòd la. Li te panse ke li te kapab fè zanmi ak mond lan, mamon, epi tou fè zanmi ak Jezi, men li te twò ta pou li te fè anyen sou sa. Kan lè fatal la te rive, lè li te fè move bagay sa a, li te janbe liy lan ki separe ant ale devan e tounen dèyè. Li te dwe fè wout li te fè a, kòm yon twonpè. Li te simen semans diskòd la, li te eseye jwenn favè nan men gran òganizasyon sa yo nan jou sa a, ak Farizyen yo ak Sadiseyen yo. Epi li te panse li t ap fè kèk ti moso lajan pou tèt li, epi li t ap popilè nan mitan pèp la. Si sa pa lakòz tèlman anpil moun tonbe nan diskòd sa a, antan y ap eseye jwenn favè nan men lòm! Ann chache jwenn favè nan men Bondye, pa nan men lòm. Men se sa Jida te fè lè diskòd sa yo te antre nan li.

37 E nou konnen ke Jezi se Pawòl la, Sen Jan 1 te di: "Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fè l chè e li te rete isi a nan mitan nou." Alò, Pawòl la se yon Semans, alò Semans lan vin fè l chè e li te rete nan mitan nou.

38 Si Jida te semans lènmi an ak diskòd la, li te vin fè l chè tou e li te rete nan mitan nou nan pèsòn Jida Iskaryòt la. Li pa t janm gen okenn reyèl, lafwa reyèl. Li te gen sa li *te panse* ki te

yon lafwa. Genyen yon tèl bagay tankou genyen lafwa; ak yon lafwa fè kwè.

39 E yon lafwa otantik nan Bondye ap kwè nan Bondye, e Bondye se Pawòl la, li pa p janm ajoute anyen sou Li. Bib la di nou si nou ajoute yon mo, oswa retire yon sèl Pawòl, y ap retire pati pa nou an nan Liv Lavi a, Revelasyon 22:18, dènye chapit alafen an.

40 Nan premye kòmansman an, nan premye Liv nan Bib la, Bondye te di yo pa brize yon sèl Pawòl nan Sa, "yo dwe kenbe tout Pawòl," yo dwe viv pa Pawòl sa a. Jezi, nan mitan Liv la, te vini epi Li di ke nan laj Li a, epi Li di : "Lòm pa dwe viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl ki—ki soti nan bouch Bondye." E nan laj lafen nan Revelasyon an, yo te predi pou nou, ke, "Nenpòt moun ki retire yon sèl Pawòl nan Liv la, oswa ajoute yon sèl mo sou Li, y ap retire pati pa li a nan Liv Lavi a."

41 Se poutèt sa pa ka gen okenn lonbraj, jis yon otantik, Pawòl Bondye san defo! Sa se pitit gason Bondye, pitit fi Bondye, ki pa fèt pa volonte yon nonm, oswa pa souke yon men, oswa kèk fòm batèm; men ki fèt nan Lespri Bondye a, pa Sentespri a, ak Pawòl la ki manifeste Limenm nan yo. Sa se Semans otantik Bondye!

42 Lènmi an fè l manm legliz epi li vin trè òtodòks nan yon kredo oswa yon bagay. Men, sa pa . . . Sa se diskòd, nenpòt bagay ki entèfere ak souch Verite otantik Pawòl Bondye a.

43 E ki jan nou konnen? Nou di: "Ebyen, yo, ou gen yon dwa pou entèprete Li?" Non, mesye! Okenn nonm pa gen dwa entèprete Pawòl Bondye a. Li se Pwòp entèprèt Li. Li pwomèt li, alò Li fè li, sa se entèpretasyon an. Lè Li te pwomèt Li, alò Li akonpli Li, sa se entèpretasyon an de Sa. Nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a se yon diskòd! Absoliman!

44 Kounye a, jan mwen te di a, Jida pa t gen okenn lafwa reyèl. Li te gen yon lafwa fè kwè. Li te gen yon—yon lafwa ke li te panse ke sa se te Pitit Bondye a, men li pa t konnen ke se te Pitit Bondye a. Li pa t ap fè li. E yon nonm k ap fè konpwomi sou Pawòl Bondye sa a ki se Verite a, li gen yon lafwa fè kwè. Otantik sèvitè Bondye ap atache ak Pawòl sa a.

45 Kèk jou swa pase, yon sèten minis, nan Arizona, nan yon gran, lekòl popilè isit la nan vil sa a, te vin jwenn mwen epi li di: "Mwen—mwen vle korije w sou yon bagay" (mwen di . . .) "lè ou gen yon chans."

Mwen di: "Sa se pi bon chans mwen konnen. Vini non."

46 E konsa li te vini, li di: "Mesye Branham, w ap eseye . . . Mwen kwè ou sensè epi ou onèt, men w ap eseye prezante nan yon mond yon Doktrin apostolik." Epi li di: "Laj apostolik la sispann ak apòt yo."

47 Mwen di: "Premye bagay mwen ta renmen mande w, frè m, èske ou kwè ke tout Pawòl Bondye enspire?"

Li di: "Wi, mesye, mwen kwè sètènman."

48 Mwen di: "Alò, ou ta vle montre m nan Pawòl la ki kote laj apostolik la sispann? Kounye a, montre m kote li ye, m ap kwè avèk ou." Epi mwen di: "Ekriven apostolik la, sila ki te gen kle yo pou Wayòm lan, nan jou Lapannkòt la lè yo te prezante laj apostolik la, yo te di: 'Mesye ak frè yo, ki sa pou nou fè pou nou ka sove?' Li te di: 'Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri, pou padon peche yo, epi nou va resevwa don Sentespri a, paske pwomès la se pou nou ak pou pitit nou yo, ak tout sa yo ki byen lwen, menm jan ak anpil sa Seyè Bondye nou an va rele.' Kounye a, ki jan Pawòl la ka kontredi tèt Li?"

Nonm lan di: "Mwen gen yon rim tèrib aswè a."

Mwen di: "Mwen panse sa, tou." Ou wè?

49 Kounye a di m, èske Bondye ap rele ankò? Si Bondye ap rele ankò, alò laj apostolik la egziste ankò. Sètènman! Menm jan ak anpil sa Seyè Bondye nou an va rele, toujou rele, toujou pral rele, menm jan ak anpil Li va rele, se va toujou laj apostolik la, paske Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

50 Kounye a, nou wè jodi a ke semans diskòd sa a te simen nan tout laj. Si li te posib pou montre li nan pwochen dis oswa kenz minit yo, mwen t ap fè l, men nou pa kapab. Pase atravè laj yo . . . Nou tout, pifò nan nou tout li Bib la. E kounye a tankou lè Jezi te vini, e Li te jwenn diskòd sa a, kontrè. Li te Pawòl la manifeste, Li te entèpretasyon Bondye pou Pawòl la, paske Li te di: "N ap sonde Lèzekriti, paske nan Yo nou panse nou gen Lavi Etènèl, e se yo k ap temwaye de Mwen." Men li. Li—Li te entèpretasyon Pawòl la. E chak pitit gason ak chak pitit fi Bondye ki fèt yon dezyèm fwa nan laj sa a se entèpretasyon Pawòl la. Nou se lèt ki ekri, ke tout moun li. Wi.

51 Remake, Li di: "Pou gremesi yo adore M, yo anseye diskòd pou Doktrin. Pou gremesi yo adore M, yo anseye pou Doktrin diskòd, doktrin lòm, kredo lòm, yo anseye sa pou Pawòl Bondye a, lè sa pa gen anyen pou fè ak Pawòl Bondye a."

52 Gade, chak laj pwodwi yon tèl rekòt, chak laj te fè l, e pa nou an pa fè eksepsyon. Nou gen menm bagay la, e yon laj ki pi gran pase tout lòt laj yo mete ansanm, paske se lafen istwa mond lan. Sa se gran diskòd la ki p at janm vin sou tè a, se sou fas tè a jodi a. Diskòd nan lòt laj yo te rale yo lwen Bondye vrè epi vivan an, nan zidòl. Jodi a, Jezi te di nan Matye 24:24 ke li ta dwe tèlman pwòch, li ta sedwi vrè Eli a si li te posib. W ap pale de diskòd! O, li si tèlman sibtil. Satan nan mitan moun yo, e jis tankou yon teyolojyen, tankou yon Doktè nan Divinite, li ka anseye Pawòl sa a prèske pafètman. Jezi te di sa. Men jis obsève l, pral gen yon kote. Li di: "Ebyen, bon, se pa t pou sa." O, wi, se pou sa, tou, ou wè, paske Bondye di se te pou sa.

53 Gade sa li te fè. Menm diskòd sa yo te pote kolè Bondye nan jou Noe yo, lè Bondye te voye pwofèt Li a soti e li te preche tankou

yon flanm dife, li te rele moun yo a larepantans, e diskòd la te neye. Alò ki sa Satan te fè? Li te vini touswit apre, nan Kam, e li te kòmanse simen l ankò. Sa se egzakteman laverite.

54 Moyiz te vini, gran pwofèt la, pou pote ti moun Izrayèl yo soti nan dezè a. Ki sa ki te rive? Moyiz, gran pwofèt Bondye a, te pote ba yo Laverite absoli, Laverite konfime. Li te rankontre Bondye. Bondye te pwouve ke li te kontre avè L. Ki jan moun sa yo nan epòk sa, prèt sa yo, e yo te gen relijyon yo, rityèl yo, rit yo ak tout bagay, men Moyiz te kanpe tankou yon konfimasyon de entèpretasyon Pawòl la. Pa bliye sa! Moyiz te entèpretasyon Bondye nan pwomès Li. Li te di li t ap fè li; li te entèpretasyon Bondye.

55 Ki sa ki te rive? Legliz la te apèn kòmanse soti nan peyi Lejip, sou pye li yo kèk jou, epi ki sa ki te rive? Satan te vini ansanm ak diskòd li a nan pèsonaj la, dezyèm Kayen an, ki te Balaam, e li te simen diskòd nan mitan yo. Nou konnen ke se vre. Balaam sa a, ansèyman Balaam lan, ke "nou tout se menm, n ap sèvi menm Bondye ke ou," fondamantalman, li te gen rezon, paske li te ofri yon sakrifis ke Bondye te ofri; sèt belye, sèt towo sou sèt lotèl, e li te lapriyè menm Bondye a jis pafètman jan Moyiz te fè l nan dezè a, jis egzakteman menm jan an. Men yo pa t menm bagay! Sa prefigire pou nou sa k ta gen pou rive. Te genyen, ankò, Kayen manifeste nan la. . . pèsonaj Balaam sa a. E men Bondye ki te manifeste nan pèsonaj Moyiz la, ki t ap entèprete Pawòl Li yo atravè yon èt imen, ki t ap revele Limenm, pwomès Li, atravè yon èt imen. Epi diskòd la te leve.

56 Se konsa li te fè li nan tan Jida, men li ki te vini ak diskòd li a.

57 Epi, sonje, peche sa a ke moun sa yo te kwè, ke "nou tout nou se menm lan, nou adore menm Bondye a, nou tout ta dwe fè pati menm legliz la, nou ta dwe menm pèp la," peche sa a p at janm te padonnen a Izrayèl! Jezi te di, Limenm: "Yo tout mouri!"

58 Yo te peri, tout eksepte twa nan yo. Se te sila yo ki te kenbe e ki te kwè pwomès la. Lè fèb la te di: "Nou pa ka pran peyi a, e se twòp pou nou," ak lòt bagay, Kalèb ak Jozye te kalme pèp la, epi yo di: "Nou plis ke kapab pou pran li, paske Bondye te pwomèt nou li! Mwen pa bay enpòtans a sa opozisyon an ye!"

59 E nou ka toujou preche gerizon Divin, ak batèm Sentespri a, epi nou toujou gen pwisans Bondye pou separe nou de bagay ki nan mond lan. Se sa Bondye di! Laj apostolik pa janm sispann, e li pa p sispann, l ap kontinye.

60 Konsa, nou jwenn menm ansyen semè diskòd la. Epi sonje, peche sa a pa t janm padonnen. Kounye a, frè, si li pa t janm padonnen lè sa a, e kounye a lè vrè semans lan—lan nan tout laj yo ap rasanble ansanm?

61 Remake gwo bagay sa a Balaam te fè a, li te kontinye sou kontinye, epi finalman li te fini nan vini Jida Iskaryòt, ak Jezi. Ki sa li te ye? Jida ak Jezi te jis egzakteman yon pòtrè de Kayen

ak Abèl. Paske, jan Jida te relijye, se konsa Kayen te relijye. Kayen te bati yon lotèl, li te fè yon sakrifis, li te adore Bondye, li te jis sensè ladann otan lòt la te ye. Men, ou wè, li pa t gen revelasyon de ki sa Pawòl la te ye. Li te panse se te Adan ak Èv ki te manje kèk pòm oswa kèk fwi. Epi Kayen . . . Abèl, pa revelasyon, te konnen ke se te fo; se te san an ki te mete yo deyò, epi li te ofri yon ti mouton. E Bondye te temwaye ke ofrann li an te jis. Alò li te fè jalouzi epi li te eseye touye frè li. E kòm li te touye frè li sou menm lotèl ke sakrifis li a te mouri a, ti mouton an te mouri sou lotèl la, se konsa Jida Iskaryòt trayi Jezikri sou lotèl Bondye a, epi li te touye L menm jan Kayen te touye Abèl. Paske, Kayen se te semans diskòd la.

62 E konsa Balaam te ye, pwofèt mèsenè a, yon nonm ki te dwe konnen pi byen. E Bondye te avèti l nan siy ak mirak, e menm yon milèt t ap pale nan lang enkoni, e ankò li te ale dwat kan menm. Li te fèt pou li te yon—yon semè diskòd.

63 E si Jezi te predi laj sa a ap fini nan pi gran diskòd ki pa t janm genyen, laj legliz Lawodise a, tyèd, ki mete L deyò nan legliz la, ki jan li ka nenpòt lòt bagay ke sa: Diskòd! Sètènman, se sa. Li fini nan laj sa a.

E se te Kayen ak Abèl ankò sou Kalvè a.

64 Kounye a remake, kòm toujou, osito ke Jezi te pati, ale nan Syèl, Li te voye Sentespri a tounen. Sa se te Semans la, Sila ki Bay Lavi a Pawòl la, jan nou te pale yè swa. Se Sila ki vivifye Pawòl la. *Vivifye* vle di "pote Lavi." Sentespri otantik la sèlman pote Lavi nan Pawòl la ke Li ye a. Li pa p pote Lavi nan yon kredo, Li pa kapab, paske pa genyen okenn kredo nan Li. Li se Lavi a nan Pawòl Bondye a, paske Li se Bondye. Ou wè? E Li vivifye Kò sa a.

65 Kounye a remake, jan yo te fè a. Alò, e Bib la te di, epi—epi Jan te pale ak pitit li yo epi li di: "Timoun piti yo, nou te tande pale de antikris la ki te dwe antre nan mond lan," li di: "ki deja nan mond lan, epi l ap travay nan timoun dezobeyisans yo." Kounye a, sa se te anviwon trant lane apre vini Sentespri a. Nou wè, lè Sentespri a te vini, Semans reyèl la, vrè Sila k ap Bay Lavi a Semans la, epi men diskòd sa a ki te vin isi a ankò. Epi remake, sa te kontinye konsa. Li te genyen . . .

66 Pawòl reyèl la te konfime, pwofèt yo nan tan lontan te konfime Pawòl Bondye a kòm Verite antan yo t ap pase. Si nenpòt moun janm li *Konsil Nise* a, oswa *Konsil Pre Nise a*, kenz jou politik benyen nan san yo, lè bann pakèt Women sa yo laba a te vle antre epi fè yon denominasyon avèk legliz sa a. Pwofèt yo te vini, yo te abiye ak po mouton, manje zèb sovaj, epi kanpe pou Pawòl sa a! Men ki sa li te fè? Sa te dwe pase menm jan tankou Kayen, sa te dwe pase menm jan tankou Abèl, youn te dwe mouri. Sètènman, sa te fèt. E Pawòl la te pèdi enfliyans Li pami pèp la, e yo tout te vote kont vrè Pawòl la epi yo te aksepte

dògm diskòd legliz Katolik primitiv la. Yo te ajoute yon pap, yo te ajoute yon evèk, yo te ajoute *sesi, sela, se lòt bò* a. Yo te retire vrè siyifikasyon reyèl Pyè, epi Mari, epi—epi tout rès yo ladann; epi yo te fè zidòl, e yo pa t fè anyen ke jis yon seremoni payen avèk yon swadizan relijyon Kretyèn. Ki sa li te ye? Semans diskòd! E li te òganize, òganize, pou premye fwa sou latè, yon legliz. Ki sa li te ye? Semans diskòd sa a ki te kòmanse simen, kèk bagay ki te ajoute, ki te retire.

67 Ki moun ki janm tande, nan Bib la, pa manje vyann nan vandredi? Ki moun ki janm tande, nan Bib la, osijè yon bagay aspèsyon olye pou yo batize, plonje? Ki moun ki janm tande pale de bagay sa yo, yon "Bonjou, Mari" oswa yon bagay konsa? Ki moun ki janm tande pale de kèk nan tenten pouri sa a kay Pwotestan sa yo, tou? Chodyè pa ka di kasròl plen grès. Se vre! Jis, koupab de pi piti bagay la se koupab de tout bagay la! Ki moun ki janm tande pale de Bondye ki janm trete ak yon òganizasyon? Montre m yon sèl fwa ke yon sèl ki te janm òganize epi ki te janm rete vivan. Yo te mouri imedyatman, e yo pa t janm leve ankò! Li lè ke yon bagay pran plas, li lè pou Bondye aji. Sa touye enfliyans lan pami pèp la.

68 Menm bagay la fèt jodi a. Yo touye enfliyans lan, yo di: "O, bann sen egzalte sa yo, ou pa ka fè anyen avèk yo." E, franchman, se diskòd! Rankontre Pawòl la fas a fas epi gade ki sa Li ye, wè si Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li. Bondye kapab fè wòch sa yo leve pitit bay Abraham. Amèn.

69 Pawòl la te konfime antyèman pa premye Kretyen yo, ki jan Bondye te delivre yo anba tout bagay, ak maladi yo, epi yo te gen pwofèt, epi yo te pale an lang, entèprete, e yo te bay mesaj ki pwouve egzakteman laverite a chak fwa. Men an fas tout Pawòl konfime sa a, moun yo te vote pou mete Li deyò, epi yo te vote pou yon denominasyon. Sa se manman tout òganizasyon yo.

70 Yo toulède konplètman gen matirite kounye a. Yo te kòmanse simen ankò. Li te mouri, men li te fleri ankò nan jou Luther yo, jan nou konnen de ansyen mesaj la isit la maten an nan dejene a. Li te fleri nan jou Luther a. Kounye a, ki sa yo te fè? Touswit apre gran mesye sa a te mouri, yo te fè yon òganizasyon.

71 Li te fleri. Epi ankò nan jou John Wesley yo, lè Anglikan sa yo, ak tout sekirite etènèl yo a epi tout bagay te mare l yon kote nan sa ki prèske inivèsalis, e ki sa ki te pase? Bondye te sisite yon nonm ki te rele John Wesley, epi li te touye tout bagay la. E osito ke li te mouri, limenm ak Asbury ak yo, ki sa ki te pase? Yo te òganize, e kounye a nou genyen tout kalite Metodis. Epi men youn oswa lòt la ki te vini, Alexander Campbell, John Smith, ak kilès ankò.

72 Finalman, Lapannkòt te parèt, li soti nan tout bagay sa. Ki sa ki te rive alò? Yo t ap kouri byen, ki sa ki te rete nou? Nou te retounen tou dwat nan menm labou nou te soti a, tou dwat nan

menm dlo sal la, nou te retounen nan diskòd ak fè òganizasyon, nou te dwe fè konpwomi sou Pawòl la. E chak fwa Bondye ta voye yon bagay nouvo, nou pa t kapab resevwa li. Se vre! Diskòd ankò! E, remake, jan mwen te di lòt jou a, premye ti pay sa ki soti nan rasin sa a, vini moute nan fèy yo ak egrèt yo, epi retounen nan pye ble a ankò, epi soti. Ti pay ble sa a prèske sanble ak grenn nan limenm, e nou te panse se te sa, men lè ou louvri l, p at gen okenn grenn ladann ditou. Li se sèlman yon sipò pou grenn lan grandi, epi li mouri tou, epi lavi a soti nan li drèt epi l ale nan grenn lan. Remake, konsa yo rele legliz yo ki te simen . . .

73 Nou wè jodi a ke swadizan legliz nou yo, menm kay Pannkotis nou yo, nou te soti, nou pa t kapab satisfè, nou te dwe fè pwòp gwoup pa nou. Tout bagay te vini, nou te dwe gen *si*, nou te dwe gen *si*, nou te dwe gen yon lòt gwoup. Epi endividi sa leve, li di: "L ap vini sou yon nyaj blan." Yon lòt di: "En-en, L ap vini sou yon cheval blan." "Dakò, n ap fè de gwoup." Ou wè, ki sa li ye? Semans diskòd! Lè L ap vini, kèlkeswa sa li ye, L ap entèprete Pwòp Pawòl Li lè L ap vini. Annou rete tann jouk tan sa a. Konprann sa . . . Pale sou sa, nou pa menm genyen Mesaj pou jodi a. Nou toujou ap montre sa Bondye pral fè, oswa sa Li te fè, epi inyore sa L ap fè. Se konsa nou jwenn diskòd nan li.

74 Kounye a nou remake ke jodi a legliz nou yo, tout—tout legliz nou yo te simen van, epi yo rekòlte tanpèt. Nou pa genyen reyinyon lapriyè yo, nou pa genyen sèvis nou te abitye genyen yo. Ki pwoblèm? Nou bese baryè yo sou tout bagay. Gade, menm legliz Pannkotis nou yo, ranpli ak fanm cheve koupe. Sa ki p at konn abitye pèmèt. Figi pentire yo, mete vèni sou zong, tout kalite bagay; jwenn yon nonm isit la ak . . . tankou Rickys e latriye; yo marye twa oswa kat fwa, epi yo dyak; o, ala yon diskòd! Li souye! Ki jan yo fè li? Bondye pa t ap genyen l nan Legliz Li a, yo dwe ale nan yon òganizasyon pou antre ladann. Yon moun pè di yon bagay sou sa, paske yo ta ka choute yo met deyò nan òganizasyon an. Bondye, ban nou moun ki pa konekte ak anyen ke Bondye ak Pawòl Li, ki va di Laverite sou sa. Se egzakteman sa nou bezwen. Ki sa nou fè? Simen diskòd. Nou te simen van, e kounye a n ap rekòlte tanpèt.

75 Remake ke y ap rasanble kounye a ansanm pou yo boule. Èske ou te remake, Jezi te di: "An premye, rasanble yo ansanm, fè pake avèk yo, epi fè tout pake yo fè yon sèl pil, epi Mwen va boule yo." Genyen yon ti pake yo rele Metodis, Batis, Presbyteryen, Literyen, yo tout ap rasanble ansanm nan Konsèy Mondyal Legliz yo. Ki sa li ye? "Rasanble yo an premye!" Alelouya! Eske ou te remake? Li rasanble move zèb yo an premye, Li mete yo lwen ble a, Li separe yo: "Rasanble yo ansanm epi boule yo." Yo tout dwe boule ak jijman Bondye yo, poutèt yo simaye diskòd nan mitan pèp la, bagay ke yo . . . Yo gen yon fòm pyete, e yo renye Pwisans lan, yo renye Pawòl la, jis pou yo kenbe kèk rit relijye,

kèk dògm ke yon moun enjekte, ke l ap eseye mete nan Pawòl Bondye a. Sa p ap mache. Se yon diskòd.

76 Mwen kriye jodi a, jan sa te ye a, gran pwofèt la nan tan lontan, Amòs, lè l te desann nan vil sa a, li di: "Mwen pa yon pwofèt, ni pitit gason yon pwofèt. Men, si lyon an gwonde, ki moun ki p ap pè?" Li di: "Lè Bondye pale, ki moun ki p ap pwofetize?" Li te predi jijman sou jenerasyon sa a, li di: "Bondye a menm ke nou deklare n ap sèvi a pral detwi nou."

77 Mete sa, se sou kasèt, epi sonje. Bondye a menm ke. . . Moun sa yo ki rasanble kounye a tout gwo rekòt sa a ak—ak Konsèy Mondyal Legliz yo, e ou pral gen pou w antre ladann. Ou pa ka rete andeyò li. Ou pral swa endividyèlman soti nan li, oswa ou pral antre nan li. P ap genyen okenn teren nan mitan. Se pral mak bèt la. Okenn moun p ap ka ni achte ni vann, eksepte sila ki gen mak la, oswa ki gen diskòd la. Kounye a, rete andeyò li! Soti nan li! Sove pou li! Rete lwen li! Bondye ke yo deklare y ap sèvi a pral detwi yo. Gran Bondye damou ki p ap . . .

Ou di: "Ebyen, Jezi te priye pou nou tout ta dwe youn."

78 Epi Li di tou: "Ki jan nou ka mache ansanm, de mache ansanm, sòf si yo dakò?" Li di "youn," tankou jan Li ak Papa a Youn. E Papa a te Pawòl la, e Li te Pawòl la manifeste. Li te "Youn" avèk Papa a, paske Li te manifestasyon Pawòl Bondye te pwomèt la. E se konsa li ye jodi a, oswa nenpòt lòt jou. Wi, mesye. Bondye a se Youn. Li vle pou nou youn.

79 Ki jan *sa* ka fè youn, *sila* renye nesans vijinal la, epi *sila* non, renye gerizon Divin, epi *sesi, sela*, yo tout nan yon dezòd konsa? Kèk nan yo menm pa menm kwè nan Bondye, yo pa kwè Li te Pitit Bondye; yo kwè Li te pitit Jozèf, ke yo te *rele* Pitit Bondye. Sètènman. Frè jimo Literyen yo, Zwengli yo, kwè ke, ke Li te absoliman jis yon bon moun. Syans Kretyèn lan di ke Li se yon pwofèt, jis yon moun òdinè, Li pa t Diven. Franchman, si Li pa t Diven, Li se pi gwo twonpè ke lemonn p at janm genyen. Li te Bondye oswa Li pa t anyen. Li te Diven! Li te Divinite a, Limenm, ki te fè L chè nan mitan nou, nan pèsonaj Pitit Bondye a. Sètènman, se sa Li te ye.

80 Kounye a nou wè diskòd la vini. Nou konnen ke li isit la, pèsonn pa ka nye li. O la la! Jis remake. L ap detwi gwoup sa a ki deklare y ap sèvi Bondye. Siveye sa.

81 Bondye te plante Semans Li. Mwen pral tèmine, paske li lè pou kòmanse liy lapriyè a. Bondye te plante Semans Li, e Semans Li se Kris. Mwen pral preche sou sa nan kèk sware, kote Bondye deside mete Non L, si se volonte Seyè a, petèt nan youn nan dejene yo lè mwen va gen yon ti kras plis tan. Gade, Li se sèl Chimen refij. Li se sèl vrè Potanta. Li se sèl vrè Bondye a, pa gen okenn lòt akote L. "Mwen se Bondye, e Bondye sèl," Li di. Jezi di: "Men kòmandman sa a: Koute, O Izrayèl, mwen se Seyè Bondye w la, jis yon sèl Bondye. Mwen se Li. Poukisa w ap chache yon lòt?

Yon lòt ap vini . . . Mwen vini nan Non Papa M, epi ou pa resevwa M. Men yon lòt ap vini nan pwòp non pa l, e w ap resevwa l." E yo te fè sa a Nise.

"Èske w se yon Kretyen?"

"Mwen se Batis."

"Èske w se yon Kretyen?"

"Mwen se Pannkotis."

"Èske w se yon Kretyen?"

"Mwen se Metodis," yon lòt non.

82 Men lè sa vin konsène Non "Jezikri," yo mache jis osi lwen de Li ke yo kapab, yo pa vle gen anyen a fè avèk Li, paske Li se Pawòl la e Pawòl la manifeste tèt Li. Remake, sèl Chimen refij la! Li se Woz nan Chawon an, Bib la di se sa Li te ye. Chak tit (nan Bib la) ki pou Bondye se pou Jezikri. Li te Alfa, Omega, Kòmansman an ak Lafen an; Sila ki Te, ki Se, e ki Pral Vini; Rasin ak Rejton David, alafwa Rasin ak Rejton David; Zetwal nan Maten an, Woz nan Chawon an, Lis nan Vale a, Alfa a, Omega, Papa, Pitit, Sentespri, tout nan Jezikri! Li te manifestasyon konplè de Jewova Bondye a fè chè pou abite nan mitan nou. Se egzakteman sa Li te ye.

83 Li te Woz nan Chawon an. Ki sa yo te fè ak Woz nan Chawon an? Yo te prije Li, kraze Li, pou fè pafen an soti nan Li. Yo dwe prije yon bèl woz pou fè pafen an soti nan woz la. Se te yon bèl Vi, pa t janm te gen yon vi ki te viv tankou Li, men Li te dwe prije sou Kalvè a.

84 Ou wè, yo te pran onksyon Woz nan Chawon an epi yo te vèse l sou Arawon, li te dwe wen ak sa pou li te ale devan Seyè a nan lye sen an, anndan vwal sen an. Li te dwe wen ak Woz nan Chawon an, pou l antre pou l aspèje syèj mizerikòd la chak ane. E onksyon sa a dwe sou li, yon dous odè agreyab pou Seyè a, antan l ap pote san ti mouton an devan li, apre li te fin aspèje limenm tou ak ti mouton an. Grenad ak klòch alantou rad li, li te dwe mache yon sètèn fason, pou l ap rezone "sen, sen, sen Seyè a ye."

85 Remake, Li se Woz nan Chawon sa a, dous Odè agreyab sa a, Onksyon an ki sou pèp Li a. Ou pa ka vin devan L ak nenpòt kredo, nenpòt lòt bagay, eksepte ke ou wen ak Woz nan Chawon sa a, Pawòl la. Li se Lis nan Vale a tou.

86 Kounye a, ki jan ou fè opyòm? Ou fè opyòm lè ou pran yon lis epi ou prije li, ou jwenn opyòm lan. Doktè yo itilize li nan laboratwa yo. Pran yon nonm ki nève epi ki ajite, oswa yon fanm, li santi tankou li pral fòl, l ap mache sou planche a epi l ap rele, li nan isteri, yon doktè pral pran yon ti kras nan opyòm ki fèt ak lis li a epi li pouse l nan bra l oswa nan venn li kèk kote, oswa li, epi yo vin trankil. Se fini pou yon ti moman. Men jis osito ke opyòm sa a fini, men yo ki retounen ankò, pi mal ke jan yo pa t janm ye.

87 Men mwen pral di ou, zanmi, ke se yon sèl kalite Opyòm otantik ki soti nan Lis nan Vale a ke mwen konnen. Li se Lis nan Vale a. Yo te prije Li sou Kalvè a. Li te blese pou peche nou yo, ak mak sou kò Li yo nou te geri. Nan sa, nan prije flè yo, Li te yon Flè. Li te pi gran Flè ki te janm pouse, se te Lis nan Vale sa a, ak gran Woz nan Chawon sa a. Kounye a Li pandye aswè a, sispandi ant Syèl la ak tè a, mwen kwè, Li te tan sa a, pito, pou—pou retire peche mond lan epi pou pote gerizon tounen bay mond lan. E Bib la di ke Li se menm ayè, jodi a, ak pou tout tan.

88 Zanmi, lè Bondye te di Moyiz, nan dezè a, ki te yon—yon tip de Li, pou leve anlè yon sèpan ki fèt ak eren. Epi eren reprezante peche ki jije, sèpan an reprezante, *sèpan an eren* an reprezante "peche ki deja jije." Kòm, *eren* se "jijman Diven," tankou lotèl eren an kote yo te konn mete sakrifis yo. Epi Eli tou te leve je l anlè e li te di syèl la te tankou eren, jijman Diven sou yon nasyon enkredil ki te vire do bay Bondye. Eren reprezante jijman, jijman Diven. E sèpan an reprezante peche ki deja jije; e Jezi se te sèpan an ki te fè l peche pou nou, epi ki te pran jijman Bondye yo sou Li. Li te blese pou peche nou yo, brize pou inikite nou yo, chatiman ki bannou lapè a te tonbe sou Li, e ak mak ki nan kò Li yo nou geri.

89 O, Bondye gen bwat famasi Li plen ak Opyòm, aswè a, pou ou. Zanmi Kretyen, ou malad epi w ap soufri. O, ou bouke, li jis twò difisil pou ou. Ou pa ka sipòte lontan ankò, w ap—w ap fin fou nan jou modèn sa a ke n ap viv la.

90 Eske ou te jis tande *Life Line* aswè a, ki sa yo te di, ke—ke Larisi di, an 55, ke yo pral "absoliman pran tout kontwòl sou lemonn antye"? Anvan ke sa rive, Anlèvman an dwe vini. Alò konbyen sa pwòch, zanmi? Li pwòch isit la kounye a menm.

91 Eske ou pa vle chache L aswè a ak tout kè ou? Li se Lis nan Vale a, epi Li se menm ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li isit la aswè a pou leve tèt Li nan mitan pèp Li a, jis menm jan Moyiz te leve siy peche a—a, ki jije. E se pa sèlman peche, men maladi. Sonje, Jezi di: "Kòm Moyiz te leve anlè sèpan eren an, konsa Fis de lòm lan dwe leve anlè." Poukisa Moyiz te leve l anlè? Pou peche, enkredilite, ak pou maladi. Jezi te leve anlè, tou, pou peche, maladi, ak enkredilite. Li te menm bagay la.

92 Kounye a, aswè a, nan jou yo lè nou gen gran diskòd sa a, Jezikri te pwomèt nan Lik, ke nan jou yo . . . anvan Vini Seyè a, li ta dwe tankou li te ye nan jou Sodòm yo, epi lè Fis de lòm lan ta revele tèt Li, tankou Fis de lòm lan te revele tèt Li bay Abraham laba a; Eloyim, Bondye, te fè L chè nan mitan moun yo, Li te abite la avèk Abraham epi Li te montre l, Li te di l ki sa Sara t ap panse (antan li te chita dèyè Li) nan tant lan, alòske Li pa t janm wè l. Li te di li ki sa li . . . Epi Li te site non li: "Sara." "Abraham," pa li—pa non li Abram, li te kòmanse avè l la, men

Abraham. Pa Sarayi, S-a-r-a-y-i; men S-a-r-a, "Kote madanm ou, Sara?"

Li di: "Li nan tant lan dèyè W la."

93 Li di: "Mwen pral vizite w dapre tan lavi a." Epi li te ri. Li te di: "Poukisa li te ri?"

94 Bon, Jezi te di: "Jis anvan gran diskòd sa a rasanble epi boule, ke Fis de lòm lan pral revele tèt Li menm jan Li te fè l nan epòk sa." Epi sa se . . . Ki sa li ye? Se yon leve anlè, anouvo, devan ou, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske ou kwè li? Ann bese tèt nou alò pou lapriyè.

95 Chè Bondye, nou renmen Ou. Pawòl Ou se yon Nouriti tèlman—tèlman konplè pou nou, Seyè. Nou jis renmen Li! N ap viv pa Li, Seyè. Li sanble ke kapasite nou pa janm ase. Nou jis renmen mete nou sou tab Ou a, alantou Pawòl Ou, epi jwi benediksyon yo, Seyè, lè nou reyini ansanm konsa, frè ak sè ki te rachte ak San pa Pitit Bondye a, ki se racha San Ou. E nou vini isit la aswè a, Seyè, nou dedye sware sa yo pou lapriyè pou malad la. Epi selon Lèzekriti, Ou te di ke "ak mak ki nan kò yo nou te geri." Li pa nesesè pou lapriyè alò (sèlman konfese peche nou yo), paske ak mak ki nan kò W yo nou te (tan pase) geri. O, ala yon jou delivrans! Ala yon—ala yon pwomès Emmanuel fè! Sa se sètènman Laverite.

96 Ou te di: "Yon ti tan, e mond lan pa p wè M ankò, poutan nou va wè Mwen, paske Mwen" (pwonon pèsonèl la "Mwen") "M ap avèk nou, menm nan nou, jiska lafendimonn." E Nan fen tan an, gwo konsomasyon sa a, Ou te di, jis anvan li rive, li pral jis tankou anvan dife a te tonbe nan Sodòm epi li te boule mond Moun lòt Nasyon yo, ke ta vin genyen ankò yon revelasyon Fis de lòm lan menm jan li te ye nan Sodòm. Papa, ke moun yo pa rate li.

97 E mwen priye, Bondye, tankou yon ti bagay gwosye, (si mwen pale mal, padonnen m), k ap pran yon vitès siperyè. Mwen renmen yo, Seyè. Mwen—mwen priye pou ke yo pa rate l. Ke sa kapab youn nan gwo sware yo, Seyè. Ke chak malad, chak moun ki aflije, avèg, kèlkeswa sa li ye isit la, Seyè, kapab geri aswè a. Ke chak pechè sove. Nan kè yo kounye a menm, si yo se yon enkwayan, e ke yo aksepte Kris nan moman sa a. Akòde li, Papa. Se tout nan men Ou. Nou remèt tèt nou ba Ou, pou nou wè Ou vini nan mitan nou.

98 Epi Ou di, nan Sen Jan 14:12: "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou." Kòman nou fè konnen Ou te revele tèt Ou bay pèp la, paske Ou te Pwofèt sa a ke Moyiz te di ki ta leve a. Yo pa t gen pwofèt depi plizyè santèn lane, diskòd te tout kote, men poutan Pawòl Bondye a te dwe akonpli; konsa Pawòl la te fè l chè, e konsa diskòd la te fè l tou. Epi, Papa, nou wè li ankò jounen jodi a, diskòd la vin tounen yon sèl gwo gwo pake; epi nou wè Pawòl la ap vini menm jan an. Beni nou aswè a, Papa. Nou

remèt noumenm ba Ou, ak Pawòl Ou. Kèlkeswa sa Ou bezwen pou nou fè, fè l avèk nou, Seyè. Nan Non Jezikri. Amèn.

99 [Yon sè pale nan yon lòt lang. Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Nou pa konnen sa Li di. Li ka vle di nou yon bagay, konsa jis rete ak reverans jis yon moman. [Pati vid sou kasèt la. Yon frè bay yon entèpretasyon.]

100 Amèn. Èske w te janm li [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] Ekriti kote lènmi an t ap vini, epi yo tout te rasanble ansanm, epi yo . . . lènmi an te tankou yon gwo fòs. Epi Lespri Bondye a te tonbe sou yon nonm, e Li te pale avè l, e li te pwofetize, e li te di ki kote pou al blayi epi tann, e yo te detwi lènmi yo. Men li vini ankò. Men kote pou detwi lènmi ou, ou wè, pran men Bondye. Men Bondye se Kris la, natirèlman, Pawòl la, konsa pran Sa nan kè w aswè a pandan n ap rele liy pou lapriyè a.

101 Mwen kwè Billy bay kat lapriyè ankò jodi a. B, B yo, annou pran B, katrevensenk. Yèswa, nou te genyen kenz yè swa. Dabitid nou konn eseye rele kenz pa sware. E alò kenbe kat ou yo, nou pral pran yo, kounye a. Ann eseye anviwon kenz. Katrevensenk. B, tankou Branham, ou konnen. B, katrevensenk a san. Epi nou . . . Ann wè, ki moun ki gen B, katrevensenk, leve men w. Ou sèten . . . O, dèyè a, dakò, katrevensenk vini.

102 Kounye a, pitit gason m lan . . . Konsa ke ka gen etranje isit la, ki ka pa t konnen ki jan sa te fèt. Pitit gason m lan desann isit la, oswa yon moun; si li pa kapab vini, Frè Borders, yon lòt moun. Kèk moun pral desann, epi pran kat sa yo, yon santèn nan yo, epi kanpe devan moun yo epi melanje yo ansanm. Alò se poutèt sa li ba ou yon kat, li pa ka di w si w pral moute isit la sou platfòm lan, li pa konnen sa. E mwen pa konnen nonpli. Mwen rive nan aswè, mwen jis rale anviwon dis oswa kenz, yon kote konsa, nan kat yo. Sa pa gen anyen pou l wè ak gerizon w. Ou ka chita la menm. Gade, yè swa. Konbyen ki te isit la yè swa, kite nou wè men w? Ki jan tout moun yo te jis geri nan reyinyon an!

103 Kounye a, se te katrevensenk, katrevensis, katrevensèt, katrevenuit, katrevennèf, katrevendis. Ann fè yo vini kounye a. B, katrevensenk, katrevensis, katrevensèt, katrevenuit, katrevennèf, katrevendis. Sa ta yon sèl . . . Se sèten, nou bezwen . . . E si yon moun . . . Men yon lòt, wi, sa ta fè li jis. Katrevendis, katrevendis a san kounye a. Katrevendis, katrevenonz, katrevendouz, katreventrèz, katrevenkatòz, katrevenkenz, katrevensèz, katrevendisèt, katrevendizuit, -nèf.

104 Si ou pa ka deplase, si ou . . . Mwen wè nou gen yon koup, twa chèz woulant isit la kounye a, kat nan yo, mwen kwè, mwen ka wè. Si ou gen yon kat pou lapriyè, sa se—sa se nimewo w ki rele, epi ou pa ka deplase, jis leve men w, nou pral woule li moute isit la.

105 E si ou pa gen kat pou lapriyè, jis rete chita la epi lapriyè, epi di: "Seyè Jezi, pèmèt—pèmèt—pèmèt ke se tou pa m aswè a."

Konbyen isi a la ki pa gen yon kat pou lapriyè, leve men w. O la la! Se kòrèk, kounye a ann jis di sa, mwen espere li pa sanble yon sakrilèj. Men gen yon ti fanm yon fwa ki pa t gen yon kat pou lapriyè, nou ta di. Li te rive fòse pase nan foul la, li te di (kounye a tande byen): "Si mwen ka touche rad Mesye sa a, m ap geri." Konbyen ki konnen istwa a? Se kòrèk. E ki sa li te fè? Li te touche Li, epi li te pati epi l al chita. Epi Jezi te vire tounen, Li te konnen ki kote li te ye. Èske se sa? Li te konnen ki sa pwoblèm li te ye. Eske se sa? Li te konnen ki sa pwoblèm li te ye, konsa Li te di li ki sa pwoblèm li te ye. Epi li te santi nan kò li ke pwoblèm pèdi san an te sispann. Èske se sa? Paske poukisa? Li te touche Li.

106 Kounye a, konbyen Kretyen isit la aswè a ki konnen, dapre Ebre, Liv Ebre yo, ke Jezi kounye a se yon Gran Prèt, Gran Prèt la ki ka touche pa santiman enfimite nou yo? Èske se sa Li ye? Se kòrèk, si Li se menm Gran Prèt la, menm fonksyon an, Gran Prèt, ki jan Li t ap aji lè sa? Li t ap aji jis menm jan Li te konn fè lè sa. Èske ou kwè sa? Li t ap aji jis menm jan Li te konn fè lè sa, si ou ka kwè sa. Se kòrèk. Konbyen kwè sa, leve men ou, di: "Mwen kwè li reyèlman"?

107 Dakò, anvan yo fòme liy lapriyè a, annou gen yon liy lapriyè bò la. Mwen konnen Li isit la. Mwen—mwen—mwen santi Prezans Li, e mwen—mwen konnen ke Li isit la. Vini non. Liy lapriyè a pare? Mwen ta pral rele pa bò la. Ou mèt jis—jis lapriyè, jis gade nan direksyon sa a epi lapriyè, jis kwè.

108 Yon ti dam chita isit la ap gade m drèt, li chita akote yon dam ki pote linèt. Ou pa ka wè Sa pandye anlè fanm sa a? Gade isit la. Ou wè? L ap soufri ak pwoblèm kè. Ou kwè ke Bondye ap geri ou? Si ou kwè, leve men ou. Se sa pwoblèm ou te ye. Se sa. Kounye a, si se sa pwoblèm ou te ye, leve men ou pou pèp la ka wè, leve men ou *konsa*. Kounye a, ou pa genyen li ankò kounye a. Lafwa ou geri ou.

109 Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. O, gen yon diskòd; men Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske sa se. . . Kounye a jis kontinye lapriyè, ou wè, ou pa bezwen moute isit la, pou ke ou ta ka konnen.

110 Kounye a, sa se yon dam. Osi lwen ke mwen konnen, mwen pa janm wè l nan lavi m, li se jis yon fanm ki kanpe isit la, e li gen yon kat pou lapriyè, epi ou pa t konnen si yo te pral rele w oswa non. Yon moun jis ba ou yon kat pou lapriyè, epi ou—yo rele nimewo w la, kidonk ou jis vini isit la. Èske se sa? E mwen pa gen okenn fason pou m konnen ki sa ou ye, ki moun ou ye, kote ou soti, sa ou vle, anyen sou sa. Mwen se jis yon nonm, ou se fanm lan. Se sa. Menm imaj sa te prezante yon fwa nan Bib la, Sen Jan, chapit 4 la.

111 Kounye a ou di: "Ki sa ou te fè, Frè Branham, jis lè sa a, toutalè a?" Mwen jis fè yon ti mouvman, ou wè. Mwen pa konnen, ou wè. Li dwe fè l. M pa konnen. Kouman fanm sa a la te fè?

Mwen pa t janm wè fanm sa nan lavi m. Li se yon moun totalman etranje pou mwen. Mwen kwè li te yon fanm. Ki moun ki te geri jis kounye a nan oditwa a? Èske w . . . Wi. Nou se etranje youn pou lòt. Si se vre, sekwe men w *konsa*. Ou wè? Mwen pa janm wè fanm lan. Men li te chita la, ap kwè. Kounye a, li touche yon Bagay, pa vre? Sa pa t ap itil anyen pou touche mwen.

112 Men kounye a ou pa ka wè ke Bib la se egzakteman Pawòl Bondye a? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou vin tabènak Sentespri sa a ki se Kris. Ou wè? Sa se Semans reyèl la. Alò si Sentespri reyèl sa a antre nan Semans reyèl Pawòl la, pa . . . Li jis p ap patisipe ladan L (paske, dyab la sèvi ak Sa), ou dwe pran tout Li, ou wè, chak Pawòl nan Li; paske, Li pa mwatye Bondye, Li se tout Bondye. Ou wè? E se sa ki pran plas.

113 Kounye a, men yon fanm, mwen pa janm wè li. Jezi te jwenn yon fanm konsa yon fwa, petèt pa menm kondisyon an, mwen pa konnen. E Li te chita bò yon pi. Li—Li te bezwen desann nan Samari. E nou te wè, Samari te anba kolin lan. E—e Li ta pral Jeriko, pito, e Li te pase pa Samari, epi Li te rive nan lavil Sika. E Li te chita sou pi a, epi Li te voye disip Li yo al achte manje.

114 Konbyen ras moun ki genyen nan lemonn? Twa. Pèp Kam, Sèm ak Jafèt yo. Nou tout soti nan Noe. E rès mond lan te detwi nan epòk sa a. Sèlman twa ras moun, se Jwif, Moun lòt Nasyon, ak Samariten (ki te mwatye Jwif ak Moun lòt Nasyon). E sa se tout ras sa yo ki genyen nan lemonn, ou wè, jis twa.

115 Tout bagay nan Bondye pafè an twa. Jis tankou twa sa mwen t ap pale de yo aswè a: twa etap nan diskòd la, twa etap Pawòl la ki te fè chè a, e latriye. Ou wè?

116 Bon, e Li—Li ki te pale ak Jwif yo, Li te di Filip, lè li te mennen Natanayèl vini, ki kote li te ye, epi Li di: "Mwen te wè l lè li te anba pye bwa a." Li te di . . . Andre te mennen Pyè vini, Li di: "Non w se Simon, e yo va rele w 'Pyè' depi kounye a." Li di: "Ou se pitit gason Jonas." Ou wè? Bon, yo tout te Jwif.

117 Men isi a la L ale bò yon Moun lòt Nasyon . . . pa yon Moun lòt Nasyon, men yon Samaritèn.

118 Kounye a se tan Moun lòt Nasyon yo. Li pa janm fè sa yon sèl fwa pou Moun lòt Nasyon yo. Fouye nan Lèzekriti. Jamè. Men Li te pwomèt, nan Lik 22, ke Li ta fè l jis anvan Vini an.

119 Men Li te chita bò la, epi men yon mwatye Jwiv ak Moun lòt Nasyon te vini, yon fanm. E Li di li: "Madanm, ban M ti gout dlo."

120 Li di: "Franchman, Ou pa ta dwe mande sa, vrèman. Nou se . . . Genyen yon segregasyon isit la. Ou se yon Jwif, e—e mwen se yon Samaritèn."

121 Li di: "Men si ou te konnen ak Kiyès ou t ap pale a, se ou ki ta mande M pou M ba ou bwè." Ki sa Li t ap fè? Li t ap kontakte lespri li. Epi osito ke Li te jwenn ki sa ki te pwoblèm li, ebyen,

Li te di l pou l al chache mari l. Li te di ke li pa t gen okenn. Li di: "Se vre, ou te gen senk."

122 Kounye a, gade, lè Farizyen yo te wè L ap fè sa. La menm, diskòd sa te drèt nan mitan Pawòl la, ki sa yo te di? Yo di: "Mesye sa a se Bèlzeboul, se yon divinò." Ou wè?

123 E Jezi di: "Nenpòt moun ki te pale sa sou Sentespri a lè Li vin fè menm bagay la, p ap janm jwenn padon." Men diskòd ou a. Ou wè? Men Li di Li t ap padonnen yo nan lè sa a, paske Sentespri a pa t ankò vini; Sakrifis la, ti Mouton an pa t ankò mouri.

124 Men lè sa a fanm lan pa t panse sa. Fanm lan di: "Mesye, mwen wè Ou se yon pwofèt." Yo pa t gen yon pwofèt pandan plizyè santèn ane. Li di: "Mwen wè Ou se yon pwofèt. Kounye a, nou konnen ke Mesi a, yo rele Kris la, lè Li vini, se sa Li pral fè."

125 Ebyen, si se sa Li te fè, alò, Li se menm lan ayè, jodi a. Se konsa Li te revele tèt Li lè sa a, èske se pa menm bagay la jodi a? Sa dwe konsa! Kounye a, men yon fanm ak yon nonm ki rankontre ankò. Li pa fanm sa a, mwen pa Nonm sa a. Men poutan menm Sentespri a isit la, e Li te fè pwomès ke zèv Li te fè yo, nou ta fè menm bagay la nan jou Fis de lòm lan ta revele.

126 Bon, m pa konnen w (e ou konnen sa se vre), nou se de etranje nèt youn pou lòt, e ou kanpe isit la. Genyen kèk . . . Ka gen yon bagay ki mal avèk ou, petèt ka pa genyen, mwen pa konnen. Men, si Seyè Jezi a pral revele mwen, pa Sentespri Li, ki sa ki pwoblèm ou, èske w ap kwè ke alò Se Pitit Bondye a, e pa yon èt imen? Sa se jis yon anvlòp, tabènak *sa a* ke—ke Bondye itilize a, nenpòt ki moun Li te chwazi. Li—Li fè sa pa gras souverèn ak eleksyon. Kifè, men ou kwè. W ap kwè? [Fanm lan di: "Amèn."—Editè a.]

127 Konbyen moun nan oditwa a k ap kwè li? Men nou toulède kanpe isit la menm devan Limyè a, ke nou pa janm rankontre nan lavi sa a, mwen pa gen plis lide kilès fanm sa a ye, ki sa li ye, kote li soti, ki sa li vle. Mwen pa janm wè li nan lavi m, pa plis ke mwen pa janm wè fanm sa a *laba a* nan lavi mwen. Men, ou wè, men sa m ap eseye fè nou fè: voye diskòd sa a jete lwen nou kounye a, epi kwè Pawòl la lè Pawòl la fè L chè isit la menm nan mitan nou. Pawòl la vini vivan nan pwòp chè nou, sa montre Prezans Bondye.

128 Kounye a ke Li akòde li l. Li vle yon kòz jis. Li san pitit, li vle yon bebe. Li gen anviwon karantan. Sa sètènman pa enposib.

129 Yo chita la menm kounye a, fanm ki pa t ka fè pitit diran tout lavi yo, epi yo te vini devan platfòm lan tankou sa, e Seyè a te ba yo pitit. Kèk nan nou la ki konnen leve men nou. Ou wè? Ou wè? Mwen te pran nan bra mwen yon ti fi cheri lòt jou a, dimanch, apre mwen te fin kite isit la, dimanch apremidi; ke manman l pa t ka fè pitit, Seyè a te pale. E ti fi a, ti èt ki pi dou a, èske li isit la? Ki kote li ye? Wi. Men li, isit la menm, li chita isit la menm. Manman an chita la. Men ti fi a, limenm. Nou wè li? Li te yon Pawòl pwononse pa Bondye.

130 Kounye a, èske w vle kwè L avèk tout kè w? Èske ou kwè sa ke benediksyon ke ou genyen an, ke ou santi nan ou kounye a, se te repons Bondye? Si Bondye ta di m ki non w, konsa ou ka bay bebe a yon non, ou t ap kwè? Alò, Madam Thompson, ou ka ale lakay ou epi ou gen bebe w la, si ou kwè l ak tout kè w.

131 Èske ou kwè ak tout kè ou? Jis gen lafwa, pa doute, jis kwè Bondye. Bondye se Bondye.

132 Kòman w ye, mesye? Mwen sipoze ke nou se etranje youn pou lòt, tou. Sèl fwa ke m te wè w nan lavi m, selon sa m konnen, se lè ou t ap vini la. E mwen te panse ou te tonton Frè Shakarian, oswa ki . . . Mashagian, Frè Mashagian, chantè a, lè ou vini la. Epi mwen te wè ou ta prale nan liy pou lapriyè a. Kounye a, antan yon etranje avèk ou, e, oswa pou ou, epi mwen se yon etranje, nan tou de sans yo. Kounye a, si Seyè Jezi pral di m yon bagay ke ou—ke ou ye, petèt ki sa ou vle, ann jis di sa; ke Li di w ki sa, ke Li di m ki sa ou vle. Kounye a, Li deja ba ou l. Sèl bagay se jis ase lafwa pou kwè li.

133 Kounye a, konbyen moun ki konprann sa? Jis ase lafwa pou kwè ke ou jwenn sa ou mande a! Ou wè?

134 Bon, kounye a, si w isit ou vle yon bagay, epi Li ka di m ki sa dezi ou ye, alò ou konnen mwen pa konnen dezi ou, alò dwe gen yon Bagay isit la k ap fè li. Kounye a, dapre Pawòl la, Li te pwomèt pou fè sa. Li te konnen panse yo nan kè yo. Èske se vre? Dakò.

135 Ou gen yon gran dezi pou ou geri. Yon bagay, w ap soufri ak yon maladi nè, ou reyèlman nève. Se sa. Yon lòt bagay, ou gen yon doulè nan do, e do sa konn trè move pafwa, ou te menm gen yon operasyon sou li. Sa SE SA SEYÈ A DI. Se vre. Ou wè. Se sa. E men yon lòt bagay, dezi pwofon ou, se ke, ou vle resevwa batèm Lespri a. Se egzakteman sa. Vin isit la.

136 Chè Bondye, nan Non Jezikri, ke mesye sa a ranpli ak Sentespri a, anvan li kite plas sa yo, nan non Jezi. Amèn.

Kounye a resevwa Li, frè m lan. Jis gen lafwa, pa doute.

137 Kijan ou ye? Mwen sipoze, osi lwen ke mwen konnen, ke nou se etranje youn pou lòt. Si se vre, franchman, pou ke moun yo ka konnen, jis leve men ou pou yo wè ke nou se etranje youn pou lòt. Mwen pa janm wè l nan lavi m, dapre sa m konnen. E mwen devine ke li pa janm wè m, a mwens sèlman nan oditwa a. Paske Papa nou ki nan Syèl la konnen, e men Pawòl Li ki plase isit la, ke mwen pa janm wè fanm lan, dapre sa m konnen, nan lavi mwen. Se poutèt sa, mwen pa ta ka konnen poukisa ou isit la, m pa gen okenn lide ki moun ou ye, ki sa, oswa anyen sou ou. Mwen pa ta ka di ou yon sèl bagay.

138 Sèl bagay, se jis yon kado. Si mwen ka . . . Kòm ou te tande m eksplike sa toutalè a. Jis deplase, tande sa Li di; sa mwen wè, mwen ka di li. Sa Li pa di, mwen pa ka di. Mwen t ap di sa de

mwenmenm, e li t ap fo. Ou wè? Li t ap fo. Men si se Li ki di li, li absoliman vrè. Li pa p janm ka, li pa t janm fo. Li pa p janm fo osi lontan ke se va Bondye. Ou wè? Ou wè, paske Bondye pa ka fo.

139 Men si Bondye ka di m sa ou vle, sa ou dezire, oswa—oswa poukisa ou isit la, yon bagay ou te fè, oswa yon bagay, yon bagay konsa, oswa ki moun ou ye, kote ou soti, oswa kèlkeswa sa Li vle di m, ou t ap kwè? Mèsi.

140 Yon sèl bagay, ou gen pwoblèm ak pye w. Pye w yo deranje w. [Fanm lan di: "Wi."—Editè a.] Se vre. Leve. . . Ou gen yon pwoblèm fanm, maladi fanm. ["Wi."] E ou gen yon gwo dezi nan kè w, paske ou jis sot pèdi yon moun oswa yon bagay. Se yon ti gason, e ti gason w lan kite lakay ou, li pati l ale, e ou vle m lapriyè pou ke li ka retounen. ["Wi."]

141 Bondye nan Syèl la, voye pitit li a pou li, ak gerizon. Se pou Sentespri a rete jenn gason sa a sou wout la aswè a, voye l tounen bay manman li. Nan Non Jezikri. Amèn.

142 Sila Ki konnen ap voye l tounen ba ou. Pa enkyete. Kwè kounye a, pa doute. Jis gen lafwa, ak tout kè ou. Kwè, epi Bondye ap akòde rès la.

143 Kounye a, jis twa oswa kat disèneman sa yo, nenpòt sa li te ye a, ou wè, mwen—mwen jis rive nan yon pwen ke m pa wè anyen devan m. Mwen pa ka eksplike sa, pa gen okenn fason pou eksplike li. Ou di: "Ou vle di, sa te jis pi mal pase si w te preche la pandan karannsenk minit oswa plis, ou panse?" Wi, mesye. Menm si se te twazèdtan, li pa t ap anpil konsa.

144 Yon fanm te touche rad Seyè Jezi nou an. E moun sa yo pa p touche m. Franchman, fanm sa isit la, jis gade isit la, li te ka jis. . . (Mete men ou sou mwen. Ou wè?) Li jis te ka touche m toutotou, sa pa t ap fè anyen, mwen se jis yon nonm. Men li dwe touche Li. Epi mwen, pa yon don, jis—jis. . . li jis pati, tout mwen menm pati lwen, epi mwen jis di sa mwen wè. Ou wè? Epi se tou. Ou wè, touche m pa vle di anyen, men li te touche Jezi atravè mwen. Se konsa fanm sa a te touche Bondye atravè Jezi, lè Li pa t konnen ki sa ki te pwoblèm li. Li te jis touche rad Li, li te ale epi li te chita. Epi Li di—epi Li di: "Ki moun ki touche M?"

145 Epi apòt yo di: "Franchman, tout moun ap touche W. Poukisa Ou di sa?"

Li di: "Men Mwen wè ke gen yon vèti ki soti sou Mwen."

146 Kounye a, nou konnen ki sa vèti ye? Fòs. Li te fèb sou yon sèl fanm ki te touche L, e Li te Pitit Bondye. E mwen, yon pechè, sove pa gras Li? Ou konnen poukisa li pi plis? Paske Li te di: "Bagay sa yo ke M fè yo, nou va fè yo tou. Nou va fè pi plis pase sa, paske Mwen pral bò kote Papa M." "Pi Gran," Li di la, men vrè entèpretasyon Grèk la se: "Nou va fè pi plis pase sa."

147 Kounye a, dam lan ke mwen pa konnen an. Mwen pa konnen anyen sou li. Li se jis yon etranje total pou mwen menm jan lòt

moun yo te ye a. Nou se etranje youn pou lòt. Jis pou ke moun yo ka konnen sa, ou ta ka leve men ou, di "nou se etranje." Kounye a, Pitit Bondye a, si yon sèl fwa Li te rankontre yon fanm nan yon ti sèn konsa, bò yon pi, epi Li te pale ak li jis yon ti moman, epi Li te konnen ki kote pwoblèm li te ye a, epi Li te di li ki sa pwoblèm li te ye. E konsa li te konnen apati de sa, ke sa se te Mesi a. Kounye a ke—ke mwen te . . . Ou te touche mwen, mwen te touche ou, e pa t gen anyen ki te pase. Men si lafwa mwen (pa yon kado) ak lafwa ou (paske ou kwè nan li) ka touche Li, epi Li ka pale nan nou . . . nan mwen pou ou, alò ou konnen ke Li isit la tankou Li te ye bò pi sa a—sa a nan Syka. Ou wè? Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Ou kwè sa?

148 Ou gen tèlman anpil pwoblèm, tèlman anpil afliksyon, konplikasyon! Youn nan bagay prensipal yo ke ou vle yo lapriyè pou ou se atrit. Sa se vre. Se vre? Ou santi kò w rèd ak atrit. Lè ou wè ou leve bra ou . . .

149 Epi ou te mache vini dousman, pi bon sa mwen ka sonje. Petèt jis rete tann jis yon minit, petèt yon lòt bagay ka di ki pral pran . . . Oswa, ou konnen, ou santi bagay sa yo; moun yo, ou konnen, tankou yon souf ka p vini kont Li. Yo di: "Franchman, li devine sa," oswa, ou konnen, tankou sa.

150 Men, ou sanble ou se yon bon moun, jis pale avè m jis yon ti moman. Ann kanpe isit la jis yon ti kras, paske mwen panse ke gen yon lòt bagay ki nan kè w ke w vle nan men Bondye. Kounye a, mwen pa t ap ka reponn lapriyè w, men Li ka re- . . . Paske, si ou kwè li, li deja reponn. Men, si ou vle jis kwè; fè ou kwè. Kounye a, m ap di ou, se konsènan yon moun ou renmen ki pa isit la, e se yon frè, e frè sa a pa menm nan peyi sa a. Li nan yon kalite de peyi mouye, ak anpil lak. Mwen ta di tankou yon bagay tankou nan Michigan oswa kèk . . . Wi, Michigan se kote sa a li ye. E l ap soufri ak yon asasen mòtèl, e sa se yon pwoblèm ren ki pa ka geri k ap deranje li. Sa se jis, pa vrè? Sa se SA SEYÈ A DI. Kounye a, mouchwa a ke w gen nan men ou lan, ke ou leve devan Bondye a, voye sa bay frè w la epi di li pou l pa doute, men pou li kwè, epi sa pral, li pral geri kounye a si ou kwè li.

151 Ou kwè ak tout kè w? Ou wè, alò, si ou kwè, gen sèlman yon sèl bagay pou fè, sa se, absoliman aksepte li. Èske se vre?

152 Kounye a, ou di: "L ap gade sa, moun yo. Se sa l ap fè, gade yo." Nou si tèlman wè sa!

153 Men oka ou pa ta konnen sa . . . Dam sa isit la, vini pa bò isi a, dam, isit la, malad la, nenpòt moun ou ye a. Mwen pa p gade li. Ou kwè ke Bondye ka revele m ki sa ki pwoblèm ou? Leve men ou, si ou kwè, dam sa isit la, dam sa isit la, malad la. Wi. Wi. Dakò, alò si ou kwè sa ak tout kè ou, pwoblèm asmatik sa a pa p deranje w ankò. Dakò, ale lakay ou epi kwè li! . . . ? . . .

154 Li pa t gade l, pa vrè? Ou wè, Li . . . Gade nan direksyon *sa a*, vizyon an la nenpòt sa ki pase. Amèn! Èske ou pa ka wè li? Jis pafètman jan Bondye ka pafè!

155 Ou kwè, tou? Opresyon an ka kite w, tou, pa vre? Ou kwè li ta ka kite w? Dakò, al di Seyè Jezi ke ou—ou kwè Li.

156 Yon jou w ap gen pou pwomennen ak yon—yon ti kàn si atrit sa fin kokobe w, men li pa p fè li. Ou pa p sa, ou pa kwè l ap fè l, pa vrè? Ou kwè ou pral kòrèk? Al fè wout ou, epi Jezikri geri w.

157 Pwoblèm kè touye moun, men li pa oblije touye ou. Ou kwè ke Bondye ap geri li pou ou, epi fè ou byen? Ale kwè li ak tout kè ou, di: "Mwen vrèman kwè sa."

158 Ou pale angle? Ou konprann angle? [Frè Branham mande pou yon entèprèt—Editè a.] (Yon moun vini.) Wi, dakò. Èske w ap repete pou li sa m di l la? Di li si li kwè, pwoblèm lestomak li a ap kite li. Li—li pral kwè li? Pwoblèm nan do w la ap kite w, tou, alò kounye a ou ka ale fè wout ou epi ke ou geri.

Kòman ou ye? Ou kwè? [Li di: "Wi, mesye."—Editè a.]

159 Mesye sa a ki chita la ak pwoblèm do a, k ap gade m lè m di sa. Li ka geri, tou, si ou kwè li, mesye. Dakò, mesye.

160 Madam lan ki chita bò kote w la menm, ou gen pwoblèm kou, pa vrè, madam? Ou kwè ke Bondye ap geri ou? Ou vle poze men w sou ti gason an pou jenou li, epi l ap geri, tou. Ou kwè li? Ou te gen pwoblèm fanm, pwoblèm dam, ou pa genyen li kounye a. Lafwa ou geri ou epi li mete w anfòm.

161 Èske nou kwè Jezikri, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Alò annou poze men nou youn sou lòt epi lapriyè priyè lafwa sa a, chak nan nou, lapriyè priyè lafwa.

162 Chè Bondye, pandan ke nou tèlman kouvri nan Prezans Divin Ou, nou wè Ou deplase nan oditwa a, ap geri malad yo toupatou. Ou se Bondye. Mwen priye ke Ou va geri tout oditwa sa a nèt. Ke Souf Bondye a tonbe fre nan kè yo, epi pèmèt yo konnen ke tan an ap kouri. Nou jis gen yon ti kal pi lontan pou nou isit la, alò nou pral avèk Sila Ke nou renmen an. E ke Prezans Li kounye a pote gerizon pou tout moun.

163 Nou kondannen Satan, nou kondannen tout zak li yo. Nan Non Jezikri, Satan, soti sou moun yo.

164 Tout sa ki kwè Li kounye a, e ki aksepte gerizon w, leve kanpe sou pye w, di: "Mwen kanpe kounye a pou m aksepte gerizon m. Mwen kwè li." Kèlkeswa kondisyon ou, si ou reyèlman kwè li, leve kanpe sou pye ou. Kounye a, leve men ou, epi di: "Mèsi, Seyè Jezi, poutèt Ou geri mwen." Bondye avèk nou.

Semans Diskòd La CRE65-0118
(The Seed Of Discrepancy)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on lendi swa 18 janvye 1965, pou Full Gospel Business Men's Fellowship International nan lotèl Westward Ho, nan Phoenix, Arizona, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org